

SADHAR
Sabda Winedhar

November
2021

Mitra Saben Ari Marsudi Oti

Tema: Mengabdikan Hidup Kepada Sang Raja

PANDONGA

Gusti Allah sumber berkah
Puja puji sokur konjuk ing ngarsa Paduka.

Kapareng kawula sowan
nyawisaken manah saha gesang kawula
methukaken rawuh Paduka
kanthi gesang ingkang prayogi.

Paduka karsa ngagem kawula
pinangka pirantos nelakaken katresna Paduka
dhumateng jagad.

Mugi kawula paduka sagedaken
sami apura ingapuran, lados linadosan
saha tresna tinresnan dateng sadaya tumitah.

Kanthi makaten katresnan Paduka
kababar ing jagad punika.
Amin

KATRESNAN IKU NGUNGGULAKE

“Aja males ala marang wong kang gawe piala; padha nindakna kang becik tumrap sedhengah wong. Sabisa-bisa yen pancen gumantung marang kowe, andona rukun karo wong ake” (Rum 12:17-18)

Sanadyan ta ringkih tanpa daya manawi tiyang kapethek dening tiyang sanes sak saged-saged badhe nglawan. Contonipun, wonten tiyang nyambut damel dados sopir pribadi ing setunggaling brayat sampun pinten-pinten taun. Blanjaipun kathah nanging sawijining dinten dipun dhawuhi ngresiki mobil nanging malah sopir kalawau malah nyuwun blanja tambahan dhumateng bendaranipun, mila lajeng dipun wangsuli mekaten *“suk sasi ngarep ya”*, nanging si sopir kalawau gentun lajeng medal saking padamelanipun. Cekaking cariyos sopir kalawau nyulik putra mantan bendaranipun, lajeng bendaranipun lapor polisi lan wetawis kalih dinten ingkang nyulik kecepeng nanging bendaranipun matur kaliyan polisi bilih tiyang punika ampun ngantos kapidana, bendara kalawau sampun rumaos ayem awit putranipun sae-sae kemawon.

Piwulang punapa ingkang saged kapethik saking pawarta punika, sanadyan kadospundi rekadaya pandameling awon tiyang sanes marang tiyang pitados kedah dipun apunteni. Gusti Allah boten marengaken kita males piawon dhateng tiyang sanes (17). Kita kedah tansah nindakaken kabecikan. Pangandika punika mboten awrat menawi wonten niat kangge nglampahi.

Minangka tengering tiyang pitados ingkang sampun nampi piwulang *“Aja males ala marang wong kang gawe piala”* temtu punika tetepan saking Gusti Allah lumantar rasul Paulus supados tiyang pitados nglampahi tanpa raos kapeksa awit tanggel jawab punika ugi jinangkepan dening pangandika *“andona rukun karo wong akeh”* samidene nelakaken bab pirukun badhe nuntun tiyang pitados ngraosaken kaayeman ing sesambetan kaliyan sinten kemawon. Kanthi mapanaken sesami ing kalenggahan ingkang inggil, pasamuwanipun Gusti boten badhe dados asor, kosokwangsulipun dados unggul. |*SBU

DADOSA JURU PIRUKUN

“...tumumten mbudidaya badhe ngrukunaken” (L. Para Rasul 17:26c)

Sampun asring kapireng bilih perkawis ingkang benten punika minangka kaendahan. Ing gesang sesarengan punika temtu boten badhe sadaya sami, kadosta kluwung sakbibaring jawah wonten werni abrit, ijem, biru lsp. Saben ningali kluwung kathah ingkng kaeraman sanadya asring ningali, mboten jeleh-jeleh anggenipun ngucap: wah apik yo! Sajak samidene gumun. Beda-bada werni ing kluwung ugi saged kapirsanan ing negari Indonesia ingkang mawarni-warni basa ing saben taler, kabudayan seni tari, ujud griya, dhaharan ngantos ing rasukan, sadaya kalawau wujud kasugihaning bangsa ingkang lajeng kawastanan Bhinneka Tunggal Ika ateges beda-beda nanging nyatunggal minangka bangsa.

Kaendahan ingkang mekaten punika ugi dados pengajeng-ajenging Musa rikala kagulawentah dening tiyang Mesir, sanadya sadaya piwulang sae bab pranataning gesang saking lare ngantos dumugining dewasa ananging Musa boten kesupen saking pundi piyambakipun. Sikep preduli ingkang tuwuh mbereg Musa ngrukunaken sadherek ingkang nembe regejegan. Pambudidayaning Musa ngrukunaken sedherek punika dipun talesi ing raos tresna awit bangsanipun punika gesang wonten ing tanah panguwulan mila prayogi manawi ngraketaken patunggilan supados sangsaya kiyat. Kejawi punika panci Musa kedah ngurbanaken raos katampik dening sedherekipun tunggal bangsa nanging punika risiko ingkang kedah dipun adhepi dening Musa.

Bangsa Indonesia kawit merdhika panci kadadar dening mawarni-warni dredah awit satunggal taler lan taler sanes punapadene paham kepingin madeg piyambak-piyambak. Minangka warganing bangsa dalah greja, gesang ing tengahing bangsa punika kedah tansah mbudidaya bab panggulawenthaning tetunggilan tansah lestantun, sae biwarakaken bilih beda-bada punika endah, beda-bada punika kakiyatan, lan beda-bada punika ajining bangsa. Mila karukunan ing antawising titah kedah dados swasana ingkang langgeng.

|*SBU

NELAKAKEN PASEKSI MINANGKA SISWANIPUN GUSTI

“Kanthi mangkono saben wong bakal padha weruh, yen kowe padha dadi siswaKu, yaiku manawa kowe padha tresna-tinresnan”

(Yokanan 13:35)

Wis sakmesthine lan lumrahe menawa unen-unen iki dadi kasunyatan *“mumpung anom ngudia laku utama”* punika ateges rikala taksih yuswa anem tansah mbudidaya lampah prayoga, liripun taksih anem punika kaangkah wewenganipun linangkung kathah. Tiyang anem langkung dawa jangkahipun, mila manawi unen-unen kalawau mbereg supados tiyang anem punika linangkung tinimbang tiyang sepuh anggenipun damel kesaenan sampun trep. Bab punika boten ateges tiyang sepuh dipun keparengaken nindakaken piawon. Tiyang sepuh kawastanan sampun meneb lan dhiwasa ing gesang anggenipun saged olah tresna.

Gusti Yesus paring piwulang lan pepaken dhateng para siswanipun ing lampah tresna lan anggenipun mulangaken ing bab tresna punika ngagem tetales bilih ... *yen kowe padha dadi siswaKu*,...kawastanan siswa ateges tansah migatosaken patuladhaning lan piwulang saking Sang Guru. Katimbangan dados siswa ngemu tanggung jawab ingkang sakmesthinipun lan limrahipun ngecakaken ilmu saking sang guru, boten kosok wangsulipun. Tumindak tresna inggih punika nelakaken paseksi ing babagan lampah tresna, punika jumbuh kaliyan gesang tuwin pakaryanipun Gusti Yesus.

Tumindak nyata ingkang kadospundi ingkang dipun kersakaken dening Gusti Yesus? Inggih punika saiyeg saeka-kapti anggenipun leladi dhumateng Gusti lan sesami. Sinaosa greja madeg ing pundi-pundi panggenan, para pelados ing saktengahing lelados inggih werni-werni kasagedan, pasamuwan anggenipun leladi mboten winates dening kathah sekedhikpun bandha lan kepinteran, sadaya saged cawe-cawe tumandang damel ing peladosan. Warganing pasamuwan tansah nelakaken paseksi minangka ujuding urmat lan bektinipun dhumateng Gusti Yesus, pasamuwan punika siswanipun Gusti Yesus mila sumangga sengkut leladi ing kebon angguripun Gusti. |*SBU



KRETEGING PIRUKUN

“Sabab, manawa ing nalikane kita isih padha dadi satru wus karukunake kalawan Gusti Allah dening sedane Kang Putra...” (Rum 5:10a)

Wonten satunggal pepujen saking KPKA 176:3 ingkang mekaten suraosipun, *“Tyang kang ngrukunken tyang sulayan tansah ngarah katentreman...”* seratan ing kidung punika menawi kelampahan jagad punika saetu tentrem, nanging kening punapa sadaya tiyang kepingin tentrem malah ingkang dumados kosok wangsulipun? Punika krana manungsa setunggal lan setunggalipun sami gesang saksekecanipun piyambak lan boten migatosaken kabetahaning liyan. Boten namung bab mekaten kemawon ingkang asring kalampah nanging tuwuh sulayan antawising sedherek punika lan dados pingget.

Manawi ningali kawontenan ing nginggil temtu tuwuh kaprihatosan, bab ingkang saged katata malah damel sulaya tundanipun sinengidan. Temtu ugi kathah bab ingkang damel sulayan lan bab punika kedah dipun awekani kalawan kesadharan bilih gesang sesarengan punika mbetahaken pangurbanan kadosdene Gusti Allah ingkang kersa ngatingalaken sihipun marang manungsa kalawan ngutus Sang Kristus nglampahi seda kangge manungsa ingkang kawengku ing dosa (8). Wujuding pangurbanan ingkang sejati awit duknalikaning manungsa punika dados satruning Gusti Allah (10a), Gusti Allah mboten ngetang punika dados jalaran manungsa kaukum nanging kepara Gusti Allah nresnani lan miwiti nindakaken pirukunan. Puji Gusti Allah ingkang nyembadani bab karukunan lan kepara paring sih rahmat ingkang langgeng kangge gesangipun manungsa.

Gusti Allah dados kreteging pirukunan mila sampun saktrep menawi manungsa nanggapi pakaryaning Gusti Allah punika kalawan nindakaken olah pirukun dhumateng sadaya tiyang, manawi antri nggih antri kalawan tertib lan sumadya ngalah rikala wonten sedherek ingkang ringkih. Sadaya pangudi mbangun kreteging pirukunan badhe nuwuhaken katentreman ing gesanging manungsa. |*SBU

DOSAKU KAAPURA

Kalawan ngandika: "Iki getihing prajanjian kang katetepake dening Allah tumrap kowe." (Ibrani 9:20)

Lare alit punika remenipun dolanan, punapa malih manawi kathah rencangipun. Nalika dolanan, lare-lare punika saged kesupen kaliyan barang darbekipun tiyang sanes ingkang kedah dipun jagi. Contonipun, wonten lare ingkang nyenggol barang ingkang reginipun awis ngantos risak. Lare punika ajrih dipun dukani dening ingkang kagungan, mila lajeng mlajar ing griyanipun lan boten matur kaliyan ibu bapakipun. Inggang kagungan barang lajeng murugi lare kalawau wonten ing griyanipun, kepanggih kaliyan tiyang sepuhipun. Mireng bab punapa ingkang kedadosan, tiyang sepuhipun lajeng nimbali anakipun badhe dipun dukani. Ananging ingkang kagungan barang mnggak tiyang sepuhipun lare supados boten dukani anakipun. Tiyang ingkang kagungan barang ugi matur bilih piyambakipun boten badhe nyuwun gantos. Tumrap piyambakipun, renining barang punika boten sakemper kaliyan raos ajrih (utawi trauma) ingkang karaosaken dening lare punika. Mila saking punika lare punika boten prelu dipun dukani.

Ayat kalih dasa ingkang dados nats punika ngandikakaken bilih boten wonten reregan ingkang saged nglangkungi ing jagad punika manawi dipun bandingaken kaliyan katresnanipun Gusti Allah ingkang netepaken prasetyanipun dhateng manungsa. Punika dados pratandha bilih manungsa kaapunte saha linuwaran saking dosa, namung karena Rahipun Sang Kristus.

Begja sanget menawi manungsa saged ngraosaken bab punika, bab ingkang mapanaken manungsa ing kamulyanipun. Lan bilih awit saking katresnanipun Gusti Allah tansah minangkani sadaya kabetahing gesang, kepara rikala mlebet ing swarga kemawon katindakaken kangge ujud migatosaken kabetahaning manungsa (ayat 24). Mila duknalika dosa-dosaning manungsa sampun kaapura sumangga tansah lumampah ing marginipun Gusti Allah kalawan netepi dhawuh-dhawuhipun. |*SBU

NGANDEL WAE!

“Mulane Aku pitutur marang kowe: Apa bae kang kosuwun lan kokdongakake, padha ngandela yen kowe wus kaparingan, dadi iku mesthi iya bakal kaparingan marang kowe” (Markus 11:24)

Sajak panci sekeca menawi matur ngandel wae, amargi ing ngriku ngemu suraos bilih tiyang ingkang ngandika punika mboten prelu lan susah-susah paring piterang kanthi dawa utawi njlimet ugi mboten prelu maringaken bukti-bukti. Punika menawi rembagan ing pos ronda utawi ing kedai kopi kagunganipun priyayi Medari Ngayogyakarta. Nanging menawi wonten ing kepolisian lan pengadilan temtu beda prekawis, awit mbetahaken bukti-bukti lan saksi.

Lah ingkang badhe kita raos-raosaken ing dinten punika ngengingi cariyos Gusti Yesus memulang marang para sakabatipun ing bab kapitadosan dhumateng Gusti Allah (ayat 22). Bab punika kawiwitan dening prastawa Gusti Yesus nyupaosi wit anjir ingkang boten ngedalaken woh (12-14). Ing cariyos punika Gusti Yesus nandhesaken bilih duknalika ngucap punapa kemawon dipun kantheni kaliyan pitados lan mboten mangu-mangu ing saklebeting batos sadaya badhe kelampahan lan punapa ingkang dipun suwun badhe kasembadan.

Para sakabat saetu kaeraman dening pakaryan adi ingkang katindakaken. Pakaryan adi punika paring tuladha ing bab kapitadosan ingkang saestu dhumateng Gusti. Kapitadosan ingkang tanpa raos mangu-mangu, kedah manteb awit rikala taksih mangu-mangu punapa kemawon ingkang dipun suwun mboten badhe kelampahan utawi kasembadan.

Semanten ugi ing gesang kita, jebulipun asring dereng pitados kanthi saestu, nembe nandhang sakit kemawon sambat sebutipun sanes Gusti Allah nanging malah dhateng dukun. Pangandikanipun Gusti punika tansah nuntun kita supados nggadahi raos pitados ingkang saestu.

Gesanging pasamuwan saged sangsaya manteb awit pitados dening pakaryanipun Gusti Allah. Ampun kesupen, “ngandel wae mring Allah” ingkang nyembadani miturut kersanipun. |*SBU

PISUNGSUNG INKGANG SEMBADA

“Amarga kabeh padha misungsung saka ing kaluwihane, dene randha iki nyaosake saka ing kakurangane,...” (Markus 12:44)

Sugih ora nyimpen lan sekti tanpa maguru. Sugih ora nyimpen ateges tiyang ingkang kagungan bandha kathah nanging welas asih. Sekti tanpa maguru ateges boten nate maguru nanging nggadhahi ilmu dipun kantheni pambudidaya saha prihatos. Kekalihipun memulang bab kabecikan sae kangge pribadi punapa tiyang sanes.

Sinau saking lelampahanipun tiyang-tiyang ingkang ngaturaken pisungsung, saged kapilah dados werna tiga. Sepisan, tiyang sugih ingkang pisungsungipun nggih kathah. Kaping kalhipun, tiyang sugih nanging pisungsungipun sekedhik. Ingkang kaping tiga, tiyang prasaja ingkang namung prasaja anggenipun misungsungaken krana panci boten gadhah bandha. Mbok manawi kathah tiyang nganggep gambaran no setunggal pinangka gambara ingkang ideal, sugih bandha lan loma.

Ananging pamanggihipun Gusti Yesus punika benten. Gusti Yesus pirsu bilih tiyang sugih saged ngaturaken kathah saking kaluberanipun. Punapa ingkang kaaturaken minangka pisungsung boten ngirangi kasugihanipun utawi ora ngelongi bandhanipun. Ananging ing sisih sanes Gusti Yesus rena marang salah satunggaling randha ingkang ngaturaken pisungsung saking kekirangipun malah sadaya ingkang dipun gadhahi. Elok sanget sikepipun randha punika. Kirang bandha boten dados pambengan kangge nelakaken raos ajrih asih lan bektinipun dhumateng Gusti Allah.

Jaman sakpunika punapa wonten ingkang kados randha kalawau? Wonten lan kathah, awit pasamuwanipun Gusti sami nuladha sikepipun randha punika. Gusti Allah boten nengenaken bab wilangan utawi cacahipun pisungsung kita ananging Gusti nggatosaken krenteging manah tiyang ingkang ngaturaken pisungsung. Mila sumangga anggenipun misungsung kalawan prayogi, boten namung cacahipun ingkang kathah ananging ugi dipun sarengi manah ingkang kinanthenan bekti dhumateng Gusti lan misungsungaken sawetahing gesang dhumateng Gusti. |*SBU



NGAJENI IKU KUDU DADI GAYANING URIP

“Para randha kang pancen randha temenen iku padha ajenana”
(I Timoteus 5:3)

Gegilitaning Sang Kristus kedah nggatosaken piwucal punika, “...dadia tuladha ing ajen-ingajenan” (Rum 12:10). Ngajeni tiyang sanes punika ujuding raos tresna dhateng sesami, tiyang mboten saged misahaken antawis tumindak ingkang kawastanan ngajeni manawi boten tresna, lan raos tresna dados nyata rikala dipun wujudaken sikep urmat. Bab punika kedah tansah kauri-uri ing gesang padintenan.

Bab ngajeni sesami dados baken ing gesanging tiyang pitados anggenipun gesang sesambetan kaliyan sinten kemawon. Contonipun manawi wonten tiyang ingkang nembe wawan pangandikan prayogi menawi kita boten ngandikan piyambak. Sikep ngajeni sesami punika kedah dipun tindakaken ugi dhateng tiyang ingkang asring kaanggep asor, kalebet para randha. Rikala semanten para randha punika golongan tiyang ingkang ringkih amargi boten gadhahi semah ingkang dipun andelaken. Punapa malih para randha ingkang mlarat.

Nglampahi dados randha ing yuswa ingkang taksih anem kaliyan ingkang sampun sepuh temtu saged beda ing raos lan bab punika ingkang saged ngraosaken inggih namung ingkang nglampahi. Bab awrat ing momotanipun tamtu beda satunggal lan satunggalipun, sae punika ing babagan ekonomi, sosial lan psikologi (kajiwan). Nanging mboten sekedhik ugi para randha ingkang gesangipun sekecha lan boten kekirangan. Awrat punapa entheng gesang pinangka randha punika dumunung ing raos. Ingkang baken inggih punika kadospundi sikep kita anggenipun ngajeni para randha.

Rasul Paulus ngengetaken supados kita tansah asikep prayogi lan ngormati para randha, tanpa sekedhik kemawon beda-bedaken *status* utawi kalenggahanipun. Sikep mekaten prayogi dados *gaya hidup* para kagunganipun Gusti. Rasul Paulus nandhesaken, *“Para randha kang pancen randha temenen iku padha ajenana.”* | *SBU



REKSANEN!

"...satemah pasamuwan bisa rumeksa marang para randha kang pancen kapiran." (1 Timoteus 5:16b)

Tulung-tinulung ing bot repot punika kedah dipun tindakaken kanthi temen-temen. Rikala sampun katindakaken temtu ugi kedah kalajengaken ngantos tiyang ingkang kabiyantu saged madeg lan mandiri. Pasamuwan kaparingan tanggél jawab kangge migatosaken tiyang ingkang ringkih lan betahaken pambiyantu. Tiyang ingkang ringkih kedah dipun biyantu lan dipun amping-ampingi, dipun gatosaken lan dipun belani. Inggang kawastanan randha kang kapiran tegesipun tiyang ingkang nandhang ringkih, sae punika miturut tata sosial, ekonomi dalah tata agami.

Tanggél jawab ngrimati gesangipun tiyang kesrakat punika sejatosipun ugi sampun dangu dados piwulang suci, kadosta lelampahan ing jaman Nabi Elia (I Para Raja 17:7-24; Lukas 4:26). Gesang tulung tinulung punika awit pangrehing Gusti Allah. Wonten ing pasamuwan-pasamuwan utawi greja tamtu wonten komisi ingkang dipun tugasi secara mirunggan kangge nggatosaken lan ngrimati warga pasamuwan ingkang ringkih, para randha, para duda, ugi tiyang kesrakat sanesipun. Dados sebatan randha kedah dipun mangertosi secara wiyar, ateges sinten kemawon ingkang ringkih kareksa dening pasamuwan.

Warganing pasamuwan ingkang kiyat punika dados margining berkah kangge tiyang ringkih. Inggang dipun wasatani ringkih punika boten namung winates ing babagan bandha donya nanging ugi ngengingi kathah perangan lan ingkang mbetahaken margining pangluaran. Minangka umatipun Gusti sumangga tansah sembada ing lampah utama kanthi mbikak manah kangge sedherek-sedherek ingkang prelu kabiyantu temahan tanggél jawab punika wradin. Ampun ngantos wonten ing jaman samangke punika kita mrangguli wonten sedherek ingkang kapiran gesangipun ing satengahing pasamuwan-pasamuwan kagunganipun Gusti. | *SBU



UWAL SAKING PANINDHES

“...ngluwari wong-wong kang katindhes, ngundhangake taun kang dadi keparenge Pangeran.” (Lukas 4:19c)

Mardhika punika tegesipun luar saking panindheshing bangsa sanes lan sacara mandiri mranata gesangipun. Dinten punika kita mengeti Hari Pahlawan sanadyan mboten dinten prei nanging kathah bebadan lan instansi ngawontenaken pengetan-pengetan kanti cara ingkang maneka warni.

Pengetan Hari Pahlawan punika mratandhani bilih samanten ngedab-edabi semangatipun para pejuang anggenipun perang ngadhepi tentara NICA ingkang dipun boncengi tentara Belanda. Karana semangat ingkang makantar-kantar saking para pemuda rikala ing Hotel Oranje utawi Hotel Yamato, saged kasil anggenipun ngudhunaken gendera Belanda lan kadadosaken MERAH-PUTIH. Panci mboten sekedhik pemuda Indonesia ingkang dados kurban ananging pangurbananipun mboten muspra.

Wujuding pangurbanan kangge negari ingkang nyata inggih punika luar saking panindhesh (penjajah). Punapa ingkang saged kapethik saking semangat para pahlawan punika? Ing sadengah prekawis pasamuwan ugi saged dados pahlawan, awit kawastanan pahlawan. Upaminipun pahlawan ing babagan pendidikan, kesehatan, lingkungan hidup, lsp. Tiyang ingkang preduli dhateng gesangipun tiyang kathah lan nindakaken paladosan kanthi tulus, punika saged kawastanan pahlawan.

Gusti Yesus ngengetaken kita dhateng timbalan kangge *“...ngluwari wong-wong kang katindhes, ngundhangake taun kang dadi keparenge Pangeran.”*. Gusti Allah ingkang Mahaasih nimbali kita mbabaraken pawartos kabingahan punika, boten namung kanthi pitembungan ananging kanthi pandamel lan pakaryan ingkang nyata. Punika dados perangan saking perjuangan kita kangge mujudaken katentreman lan kaadilan wonten ing negari punika. |*SBU

BECIK KETITIK ALA KETARA!

“Padha elinga, supaya padha nglakoni panggawe becik, dadi sugih ing bab kabecikan, dhangane weweh lan memandumi” (1 Timoteus 6:18)

Wonten ibu ingkang sampun sepuh nembe tindak dhateng wande. Wande punika wonten sabranging margi ingkang rame kendaraan. Ibu sepuh punika wetawis wekdal dereng saged nyabrang. Ing ngriku wonten salah satunggaling kaneman ingkang migatosaken sang ibu lajeng nyelak lan matur: “ibu badhe tindak pundi?” Ibu sepuh paring wangsulane: “kula badhe dhateng warung ing sebrang.” Kaneman punika matur: “inggih mangga kula rencangi nyebrang”. Saestu kekalihipun lajeng nyabrang serarengan. Dumugi sabrang margi, ibu sepuh ngaturaken pamatur nuwun dhateng kaneman punika. Pancen tumindakipun kaneman kalawau namung prasaja ananging saestu maedahi tumrap sesami.

Tumindakipun nem-neman kalawau saetu sae. Kasaenan punika saged nuwuhake kasaenan sanesipun. Mrangguli tiyang ingkang betahaken pitulung sanadyanta sacara tembung boten nyuwun tulung nanging, prayoginipun kita tanggep boten namung kendel lan ningali kemawon. Nglampahi kasaenan boten dipun ukur dening materi utawi kasugihaning bandha, ananging wontenipun krenteg lan tumindak ingkang minangka wohing kasugihaning manahipun.

Tumindak sae utawi becik punika kedah dipun ujudaken kanthi tumindak ingkang nyata. Saged ugi tetulung kalawan ngaturaken gagasan/ide, lan saged ugi arupi panggulawentah. Sadaya pitulungan punika becik pramila ungeling kabecikaning tiyang prayoga kaukir ing watu/sela nanging kabecikaning dhiri dhateng tiyang sanes kaukira ing pasir. Tembung “becik ketitik, ala ketara” nelakaken bilih sadaya badhe kasumurupaken ing gesang punika. Pasamuwan boten kapareng miji bab sanes anggenipun tumindak kajawi kasaenan dhumateng sesami. Punika kalebet dhangane weweh utawi andum berkah dhateng saben tiyang ingkang prelu dipunbiyantu, anggenipun tetulung kedah kanthi ikhlas lan rila temahan becik ketitik. |*SBU

TETEP WAE ANA ING SANG KRISTUS

*“Kowe wus padha nampani Gusti Kristus, Gusti kita,
mulane uripmu tetepa ana ing Panjenengane” (Kolose 2:6)*

Nalika wonten sadherek ingkang nandhang duhkita, kita asring matur: mugi piningan kasabaran, Gusti paring berkah. Sikep sabar saestu prelu lan baken ing gesangipun tiyang pitados. Wonten ing gesangpun manungsa asring mrangguli utawi aben ajeng kaliyan pepalang lan panggodha. Pramila saking punika tansah dipun emutaken supados tansah sabar anggenipun nyanggi momotanipun.

Dados tiyang pitados punika boten kaukur dening dangunipun wekdal nanging dening bab kasetyanipun dhumateng Gusti Allah tetep lan mboten ewah gingsir minangka pendherekipun, nanging prayogi menawi dipun lampahi lan dipun kantheni kasabaran. Pendherekipun Sang Kristus temtu kemawon mboten badhe kawon dening godha kalebet rikala nandhang prihatos krana tinilar seda dening anggotaning brayat. Tiyang pracaya punika mboten miyar-miyur lan dhumawah ing pacoben mawarni-warni pramila leres sanget bilih kasabaran kedah tansah dipungladi.

Wujuding pepalang lan panggodha minangka tiyang pitados punika mawarni-warni kadosta mbereg lare supados sregep sekolah minggu nanging lare ingkang pun ajak wonten kemawon alesanipun; maos kitab suci saben dinten alesanipun sinau benjang bedhe ulangan matematika lan menawi bibar sinau ngantuk; punika tumrapping lare. Benten malih tiyang sepuh, dipunaturi bible kelompok mboten kersa alesanipun mboten saged ngandikan ngaturaken paseksi utawi njentrehaken ayat lan mboten saged mimpin donga, sukunipun sakit menawi lenggah sila, menawi bible wanci dalu ngantuk; gentos wanci sonten kacariyos nembe wangsul saking nyambut damel lan sayah, lan maneka warni bab sanesipun. Pepalang lan godha punapa kemawon ingkang kaprangguli dening pasamuwaning Allah sae sacara bebadan utawi pribadi, pitados kemawon badhe wonten margining luwar mila sabar leladi lan tetepa ing Sang Kristus. |*SBU



KACANG LALI KARO LANJARAN

“...padha mbudi-daya nyekel Gusti Yesus...” (Markus 12:12a)

Guru ing pawiyatan anggenipun mulangaken pelajaran mboten anggeripun mulang nanging ngagem patokan ingkang gumathok contonipun anggeni miwiti mewulang para guru paring pangandika wiwitan minangka pambuka, *“selamat pagi anak-anak”* manawi ngangem basa Indonesia. Uluk salam punika sejatosipun ngemu suraos ingkang wigati kangge para murid ing babagan ajen-ingajenan lan perangan kados makaten punika ngatingalaken raos urmat, ing sisih sanes ugi minangka wujud ing patuladhan ingkang katindakaken dening para guru. Sanadyanta sampun dados guru ananging tetep ngormati para murid, pramila para murid sageda nindakaken sikep ingkang mekaten ugi.

Gusti Yesus anggenipun memulang sejatosipun prasaja lan bab ingkang dipungandikaken kalawan pasemon punapa wontenipun. Kaibarataken manungsa ingkang nyewa kebon anggur lan bendara punika Gusti Allah lajeng putra ingkang kasedanan punika Gusti Yesus. Inggih nyewa siti namung pikantuk idi palilah saking bendara, sanes ingkang nggadhahi ananging kening punapa dipun kuwaosi; mboten namung punika kepara nyedani putranipun bendara. Cetha bilih batur ingkang ateges manungsa punika *“ngalekake”* utawi nyupekaken sinten ta menungsa punika. Bendara inggih Gusti Allah ingkang sampun karsa paring wewengan dhumateng manungsa gesang ing jagad saha ngrumat punika ing nyatanipun manungsa malah mbalela, boten ngormati lan mirengaken sadaya utusanipun Gusti. Langkung saking punika sang Kristus piyambak ingkang pinangka Putranipun Gusti ugi dipun tolak.

Kesupen punika bab ingkang lumrah awit manungsa punika panggonaning lali nanging menawi kesupen sampun dipun emutaken temtu kedahipun ngormati saha ngaturaken panuwun dumateng ingkang ngengetaken. Langkung-langkung kasupen dumateng Gusti Allah ingkang sampun paring sawernining berkah. |*SBU

AJA GELEM DISASARAKE

“Gusti Yesus banjur wiwit ngandika: Kowe padha sing awas, aja nganti disasarake ing wong!” (Markus 13:5)

Satunggaling pawarta ing grup WhatsApp (WA) suraosipun kirang langkung mekaten: *“Peringatan!!! Hati-hati kalau anda melewati jalan menuju pasar kebon manggis (namung samaran) karena tiga jalan menuju pasar tersebut ada penertiban kelengkapan kendaraan bermotor dari mulai surat motor sampai surat ijin berkendara, juga jangan lupa memakai helm dan jaket. Barangsiapa tidak memiliki kelengkapan tersebut maka perorang akan dikenai denda bayar ditempat lima ratus ribu rupiah dan atau dipenjara tiga bulan. Waspada dan berhati-hatilah ingat keluarga di rumah menanti anda!!!*

Sampun kathah piweling saking pamarintah utawi pihak-pihak ingkang preduli bab pawarta ing media sosial kedah kasaring langkung rumiyen keyektosanipun supados anggenipun masyarakat nampi lan maos mboten klentu. Pawarta punika hoax (kabar bohong) utawi nyata kedah dipadosi sumberipun awit pawarta ingkang mboten leres saged damel regejekan lan tukar paben utawi pasulayan.

Punapa nate nglampahi dados kurban saking tiyang ingkang nyasaraken pawartos? Menawi nate sumangke kita kedah ngatos-atos lan langkung taliti anggenipun nampi utawi nyebar satunggaling wartos awit saged dados sumbering pasulayan, ing saksisih wonten resiko kapidana dening pamarintah. Pramila diawas lan aja nganti disasarake dening wong ngemu prentah ananging ugi paring pemut kangge diri pribadi lan pihak sanes langkung premati Kanthi nulad kawontenaning gesang ing pundi *Ilmu Pengatuhuan dan Teknologi* sansaya majeng, kawasisaning umatipun Gusti kedah nglangkungi kemajengan jaman, tansah ngatosatoa lan tetep ing margining Gusti Allah sawetahipun.
|*SBU

ORA PRELU, WALES-WINALES!

"Piwales iku wewenangingSun iya Ingsun kang bakal males."
(Ibrani 10:30)

Pasamuwan ingkang nglampahi gesang wetawis taun 1980-1990 temtu mboten kesupen cariyos Brama Kumbara ing radio saben siyang lan kawangsulan wanci dalu. Satunggaling episode Brama Kumbara dipun mengsahi dening satunggaling pawestri namipun Lasmini sakwadyabalanipun nanging ingkang ngadhepi Mantili lan kekalihipun dados mengsah bebuyutan ngantos kekalihipun kagungan putra nanging tetep kemawon taksih memengsahan, silih gumatos ngawonaken lan ngatingalaken kasektenipun.

Yektosipun cariyos punika badhe paring sumerep dhumateng ingkang mirengaken bilih memengsahan lan wales-winales punika mboten sae lan badhe nuwuhaken dendam. Temtu rampungipun benjang punapa gumatung kaliyan ingkang perdoni utawi turunipun punika. Inggang kawastanan mboten sae lan piawon kalamangsanipun malah kalampahaken dening kathah tiyang, damel rugi tiyang sanes. Tiyang sanes ingkang kadamel rugi inggih mbales mekaten teras ingkang kelampah. Pramila kanti manah ingkang tinarbuka sumangga pasamuwan ngaturaken wegdal ening wetawis ngemu-
emut kalampahaning gesang punika kanthi pitaken; punapa ing gesang punika pasamuwan taksih mendhet hak-ipun Gusti Allah krana ngginakaken wewenanging Allah?

Dados umating Allah punika panci mboten dipun keparengaken namung nggugu pikajengipun piyambak kedah ajrih asih lan mboten dipun keparengaken njeksani sinten kemawon punapa malih dhemen mbales kalawan tumindak awon. Gusti Yesus ndhawuh supados kita sami tresna dateng sesami saha tansah enget menawi piwales punika wewenangipun Gusti Allah. |*SBU

TETEPA LAN TAMPAA BERKAH

“Kang iku aja padha mbuwang pracayamu, amarga bakal gedhe ganjarane” (Ibrani 10:35)

Tiyang ingkang wekel anggenipun nyambut damel punika manawi kapirsanan dening kathah tiyang temtu ngremenaken lan pangarsanipun temtu kemawon inggih remen lan badhe maringi hadiah utawi *bonus* bab punika katindakaken krana tiyang ingkang semangat anggenipun akarya pantes nampi wujud tandha tresna. Conto-conto prasaja ingkang katindakaken dening salah setunggaling karyawan perusahaan, tiyang punika menawi gangsal welas menit sakderengipun wanci mlebet piyambakipun sampun dumugi ing regol perusahaan, seragam nggih rapi, ngandikanipun nggih sopan lan ramah kaliyan sinten kemawon, dipun dhawuhi punapa kemawon mboten damel cuwa, saestu wujud pangabdian ingkang sembeda. Pramila tumindak ingkang damel remen lan nuwuhaken prestasi kedah dipun lestatunaken, satemah perusahaan sansaya ngrembaka lan sansaya majeng.

Mekaten ugi pendherekipun Gusti Allah ingkang tansah nelakaken tanggél jawab peladosan lan manambah kanti tulus wohingpun ageng ing gesangipun, menawi kasebat berkah ingkang nyarengi panci sampun trep awit sadaya pakaryan punika ngedalaken woh.

Woh ingkang ngremenaken ingkang kaantu-antu utawi winantu dening kathah tiyang temtu mboten sadaya bab, ananging pakaryan peladosan kagem kamulyaning Gusti Allah badhe ginanjar awujud kapitulungan rahayu. Mila pasamuwanipun Gusti kedah tansah mbudidaya amrih sadaya winastan para tiyang percaya ingkang madheb mantep ngetut wingking Gusti kalawan ngantepi krenteging manah. Sadaya pambudidayaning gesang peladosan ingkang katindakaken marang perusahaan utawi papan pedamelan kemawon nuwuhaken tandha tresna awujud *bonus* punapa malih dhumateng Gusti Allah temtu punika winastan berkah adi. Tetepa lan tampaa ganjaran awujud berkahing Allah. |*SBU

MADHA RUPA

“Sabab bakal ana kristus-kristus lan nabi-nabi palsu kang jumedhul...”

(Markus 13:22)

Sampun sawetawis wekdal dangunipun tiyang ingkang ngaku-aku minangka utusanipun Gusti Allah kanthi nyebat bilih dirinipun rasul, nabi lan ratu adil nanging sadaya kalawau namung apus-apus lan rikala dipundangu trah utawi silsilahipun mboten cetha lan gumathok. Tiyang ingkang ngaken punika namung badhe pados kasugihan punapadene katenaran lan panguwasa. cethanipun ugi pados pendherek sakathah-kathahipun kangge kemaremaning raos.

Saestu kathah tiyang ingkang gampil kaglithuk dening bujuk rayunipun lan ingkang dados pendherekipun ugi sanes tiyang ingkang pawiyatanipun asor nanging malah kapara kathah tiyang wasis lan sarjana. Badhe kawastanan kadospundi jagad samangke? Kejawi “jamam edan” jaman ingkang sampun kuwalik-walik liripun tiyang wasis punika kedah saged dados tuladha ing pangandika lan tumindak nanging kadadosanipun kosok wangsulipun. Tiyang-tiyang sami mersudi kalenggahan migunakaken kanti cara-cara ingkang awon lan remen blingeraken.

Kita kedah kebak ing pangatos-atos dening rekadayaning manungsa ingkang blasukaken kados punika. Kados nats ing renungan punika: *“Sabab bakal ana kristus-kristus lan nabi-nabi palsu kang jumedhul...”*sampun kathah kurbanipun para sedherek. Piwulang-piwulang ingkang badhe njungkeng kawibawaning sang Sabda suci, punapa pasamuwan rila kitab suci dipunginakaken kangge bab-bab ingkang namung mentingaken sakperangan tiyang? Temtu mboten, lajeng bab punapa ingkang kedah pasamuwan tindakaken? Naliti kanthi permati sadaya piwulang para pandhita utawa soksintena ingkang mbabar pangandikanipun Gusti, nyumerepi saking pundi pamulang punika, titikan ingkang prasaja inggih punika tetep nyebat Gusti Yesus minangka Juru Wilujeng lan Gustining sadaya pasamuwan.

|*SBU

MARTIR

“Dhuh Gusti, dosa punika mug i sampun Paduka tempahaken dhateng tiyang-tiyang punika.” (Lelakonme Para Rasul 7:60a)

Cariyosipun para sepuh, gesang ing jaman kajajah dening bangsa manca punika mboten sekeca awit sadayanipun boten saged katindakaken kanti mardhika. Ananging punika mboten ndadosaken para kaneman wekdal samanten kema malah sansaya tuwuh semangat ingkang ageng badhe mujudaken bangsa ingkang mandiri lan mardhika. Sadaya daya ingkang kaetohaken dening pejuang kalawau mboten remeh utawi muspra ananging andadosaken tuwuhipun para taruna muda sanesipun ndherek jejuang. Saestu mboten muspra malah kapara punika nuwuhaken wohing pambudidaya ingkang jumbuh tinimbang punapa ingkang dados pangurbananipun, pangalembana dalah pamuji tansah damel bombong ing manah mboten kagungan panggraita menawi sadaya ingkang katindakaken migunani ing tembe wingkingipun.

Punapa ingkang karaosaken dening stefanus awujud panganiyaya dumugi sedanipun panci nggegirisi tumrap saben tiyang ingkang ningali utawi nekseni kelampahanipun lan panci damel giris nanging sanes punika ingkang badhe pasamuwan raosaken. Stefanus seda minangka martir krana sengiting tiyang-tiyang dateng punapa ingkang dipun pitadosi inggih punika pitadosipun dhumateng Sang Kristus bilih Gusti Yesus punika Gusti lan juru wilujengipun. Pangandel punika lestari ngrembaka ing gesangipun sanadyan nate dipun kaniaya ananging Stefanus tansah nggadahi pangajeng-ajeng dhumateng Gusti Allah. Malah rikala Stefanus ngraosaken awrating panandhang piyambakipun dedonga nuladha Sang Kristus mekaten *“...tiyang-tiyang punika mug i Paduka apunten,...”* (Lukas 23:34) saestu ngeram-eramaken kasetyan tuwin katresnanipun Stefanus punika.

Para pejuang sampun ngabdi dhateng bangsanipun lan Stefanus setya tuhu ing kapitadosanipun dhumateng Gusti. Punapa kula lan panjenengan ugi purun nelakaken pangabekti ingkang yekti dhumateng Gusti Allah dalah dhateng bangsa tuwin negari? |*SBU

KATRESNAN IKU GAMAN PAMUNGKAS

“Mungsuh kang pungkasan, kang disirnakake iku pati.”

(1 Korinta 15:26)

Gusti nundhung Adam lan Kawa saking patamanan Eden ingkang elok, endah, tansah cumawis uba rampening gesang, ayem lan tentrem. Gusti Allah netepaken lan paring pidana marang sinten kemawon ingkang magayutan kaliyan panerak ing patamanan Eden satemah sadaya kedah nglampahi paukuman kanti keadilanipun.

Manungsa (Adam) sampun dipun paringi wewengan gesang ing satengahing kaelokan nanging manungsa mboten trimah Kepingin sami kaliyan Gusti Allah lan taksih nggadhahi pepinginan maneka warni sarta mburu hawa nepsunipun piyambak. Bab punika badhe paring gegambaran ing gesang punika bilih manungsa mboten wonten sikep panampi lan raos panarimah saking Allah ing kawontenan punapa kemawon lan patrap ingkang kados mekaten tundhanipun nuwuhaken kasangsaran.

Tetela bilih kalepatanipun manungsa ageng sanget ing ngarsaning Gusti sarta mboten cekap namung katundhung luar saking Eden, prakawis menika ngambaraken bilih Allah saestu boten rena ing panggalih saha sengit dateng sikap ingkang nerak angger anggeripun Gusti. Ananging Gusti Allah ingkang maha tresna taksih maringi wekdal lan wewengan kangge manungsa nglampahi gesang ing donya punika. Gusti Allah ing wiwitan nelakaken patuladhan anggenipun kebak welas asih saha panuntun. Awit kadospundi kemawon manungsa punika citranipun Allah. Gusti Allah ngagem sarana ukuman nundhung manungsa saking taman Eden punika amrih manungsa boten tetep gesang ing karisakan. .

Manungsa mboten saged mbudidaya pirukun kaliyan Gusti Allah awit kawontenan manungsa ingkang mboten pantes ing ngarsanipun, pramila Gusti ngutus Sang Kristus minangka pantara ingkang dados pirantosing katresnan saha kawilujenganing manungsa |*SBU

NDUWENI URIP KANG KANG LANGGENG

“Sing sapa pracaya marang Sang Putra, iya nduweni urip langgeng...”
(Yohanan 3:36)

Panci kangge mbereg tiyang jawa mligi ingkang anem nyinau lan nguwaosi basa jawa dalah budayanipun mboten gampil nanging pambudidaya kedah kalampahaken. Pramila pawarta kadospundi anggenipun pasamuwan mbudidaya nglestanunaken kabudayan jawa tetepa katindakaken kadosdene kita ngrumat anak kita piyambak.

Pitados sanget bilih mbereg lan mbudidaya anggenipun pasamuwan badhe nguri-uri lan nglestantunaken kabudayan jawa kalebet basa punika awrat, lan pengalaman kados punika estunipun menawi kaabenajengaken kaliyan waosan dinten punika ing bab pambudidayaning Yokanan pambaptis anggenipun memulang babagan gesang langgeng ugi mboten gampil. Gesang ...*nduweni urip langgeng...*(36) punika kadospundi? Yokanan paring piterang, ...*sing sapa pracaya marang Sang Putra...* punika ateges namung sikep pitados dhumateng Sang Putra inggih Gusti Yesus kemawon ingkang dados jalaran manungsa punika pikantuk gesang langgeng. Kapitadosan punika ngengingi sikep lan raos mila temtu kemawon mboten gampil kaewahan dening bab ingkang nembe kapirsanan utawi dipun tepangi dening tiyang-tiyang rikala samanten.

Sang Yokanan mboten nglokro sanadyan panampinipun tiyang kathah taksih mangu-mangu, dipun kantheni semangat piyambakipun tetep leladi kabar kayekten dateng sadaya tiyang. Sang Yokanan pinangka pirantospun Gusti ngandharaken Kayekten boten kendat saha tansah kanthi smangat makantar kantar. Pramila kita pinangka umatipun Gusti ing jaman samangke prelu nulad sang Yokanan anggenipun martosaken Injil amrih sadaya tiyang sami mirengaken Injil kawilujenganing jagad. Supados kathah tiyang ingkang sami manjing pitados. Mbangun turut dhateng Gusti Allah pitados marang Sang Putra temtu njalari sih katresnanipun tansah kababar ing gesangipun sadaya tumitah . | *SBU



JUJUR

“Pangandika panjenengan mekaten punika punapa saking penggalih panjenengan piyambak, punapa wonten tiyang sanes ingkang munjuk makaten dhateng panjenengan bab ing ngatasipun Kula?”
(Yokanan 18:34)

Tembung jujur punika ateges punapa ingkang dipun ngendikakaken kaliyan ingkang dipun raosaken lan dipun tindakaken punika sami. Contonipun manawi tiyang punika cariyos nate mundhut utawi tumbas lan ngunjuk wedang jahe gepuk piyambakipun saged cariyos bab werni, raos lan kapara pirsu mundhutipun wonten pundi. Nanging ugi wonten ingkang ngandika nate ngunjuk jahe gepuk nanging pranyata dereng nate, nalika kancanipun taken, rasane kepriye? jawabipun: “pait kaya butrowali” pancen aneh menawi wedang jahe gepuk raosipun kados butrowali.

Jujur punika satunggaling bab ingkang betahaken pengalaman nyata sinanding pangandika kagem atur pawarta, menawi mboten pirsu punapadene ngraosaken piyambak prayogi mboten prelu ngandika utawi paring pawarta, awit ingkang mekaten punika saged nuwuhaken prekawis (Renungan SADHAR Minggu, 14 November 2021) menawi warta punika ngenani bab ngawon-awon asmaning tiyang lan mboten kalaporaken dhateng pihak polisi tundanipun kalawan nyuwun pangapunten. Ananging wonten ugi krana pawarta ingkang mboten nyata saged kemawon ndadosaken bangsa lan bangsa lajeng perang, bakenipun bab kajujuran anggenipun paring pawarta tumraping gesang padintenan kedah dipun udi saha tansah dipun kupiya ing gesang padintenan.

Pasamuwan tansah dipun gulawentah supados gesang kanthi jujur mila prayogi tansah emut piwulang punika, awit lampah jujur nentremaken gesang lan lampah jujur badhe nguwohaken pangalembana saking Gusti lan sesami, tiyang jujur gesang ing pundi-pundi panggenan dipun urmati kathah tiyang.
|*SBU

TIMBALAN SAKING SWARGA

"...Banjur pada munggah menyang ing langit, ketutupan mega, kadeleng dening para satrune." (Wahyu 11:12)

Saking kitab Wahyu ingkang dados tetales anggen pasamuwan sinau lan ngraos-raosaken pangandianipun Gusti dinten punika, kita kaparingan pangretosan bilih sinten kemawon ingkang kautus minangka seksining Allah tansah tinuntun ngantos dumugi ing kamulyan. Seksi punika kedah nglampahi peladosan ing jagad. Sae punika anggenipun tetep setia tuhu ing kapitadosanipun piyambak dhumateng Gusti, neksekaken Injil suci, pakaryan adi ngrimati sawetahing pasamuwanipun Gusti lan sadaya wujud ing katresnan ing tumindak nyata ngantos purna.

Sekedhik kemawon boten dipun keparengaken lirwa saking olah peladosan awit wewengan dalah wekdal punika kedah tansah cinawisaken tanpa semaya. Dhawuh timbalan utawa tanggel jawab leladi punika kaparingaken sejatinipun krana katresnanipun Gusti dhumateng manungsa, lipipun dhawuh ingkang kaparingaken menawi katindakaken kanti sampurna, Gusti paring pangayoman.(11-12)

Sumangga dipunjumbuhaken kaliyan paladosan ingkang katindakaken dening sadaya pasamuwanipun Gusti ing saktengahing greja, sadaya tiyang pitados temtu sampun pirsu bilih dhawuh peladosan ing greja punika kedah dipuntindakaken tinalesaken dening angger-angger katresnan. Piwulang ingkang asring dipunwulangaken lan dipungladi dening warganing pasamuwan punika dados *identitas* ingkang lestari, nempel ing gesang tiyang Kristen.

Satunggaling tuladha: migatosaken warganing pasamuwan ingkang nembe nadhang dhuhkita utawi nembe kesripahan, greja sampun nindakaken sawernining peladosan saking pangrukti, damel serat lelayu, nyawisaken kendaga utawi peti dalah sekar, lsp. Pramila tansah samekta punika kedah kalestantunaken ing satengahing adeging pasamuwanipun Gusti satemah sadaya tumitah nampi berkahipun Gusti. |*SBU

MANEMBAH INKGANG PANTES SINEMBAH

“...*Dhuh Pangeran, Gusti Allah ingkang Mahakuwaos, ingkang wonten, saha ing kala rumiyin wonten, kawula sami saos sokur dhumateng Paduka,...*” (Wahyu 11:17)

Dipun ngandikaken ing kitab Wahyu punika bilih Gusti Allah panci wonten lan ing kala rumiyin sampun wonten. Bab punika dados pawartos kabingahan tumrap manungsa. Ananging prakawis punika asring dipun supekaken utawi mboten dipun pitadosi. Amargi manungsa namung nggugu pikajengipun piyambak utawi dereng mireng pawarta punika. Tanggel jawab martosaken kabingahan punika kedah dipun andharaken satemah sadaya manungsa mireng dalasan pitados kayekten.

Dados seksi bab pakaryaning Allah temtu mboten namung mbabaraken pangandikanipun Allah ing mimbar-mimbar greja ananging saged katindakaken dening tiyang pitados. Contonipun: Nalika pasamuwan nampi momotan krana pepalang, pasamuwanipun Gusti tansah caos sokur lan nebihi pasambat ingkang mboten ngatingalken panuntunipun Gusti. Tetep ingkang sakeca nanging sembada sarta ngagadhahi pengajeng-ajeng bilih sadaya pepalang kaadhepi rampung tuntas lan punika krana pitulunganipun Gusti Allah.

Piwulang ingkang ngandikaken bilih manungsa saged mandiri krana pambudidayaning diri temtu kedah kabucal tebih-tebih awit sadaya manungsa punika mbetahaken Gusti sanadyan kalamangsanipun mboten dedongan lan nyenyuwun nanging dipunparingi, kapara kathah lan menawi kagatosaken punika sadaya awit saking panguwaosaning Allah ingkang badhe paring sumerep marang jagad bilih ageng katresnanipun.

Pramila sumangga pasamuwan ngaturaken *panuwun ing sabarang kang tinemu* (1 Tesalonika 5:18) temahan pangucap sokur utawi raos panuwun punika dados salah satunggaling sikep manembah temahan sansaya nyaketaken lan ngraketaken tiyang pitados kaliyan Gusti Allah kang pantes sinembah.

|*SBU

GEGAYUHANING MANUNGA WONTEN ING JAGAD

"...supaya kowe padha oleha tentrem-rahayu ana ing Aku."

(Yokanan 16:33b)

Wonten nem-neman ingkang sami gagah ngagem sragam loreng ijem topi waja sarta bekta bedhil ingkang kasandhang ing ngajenging dadanipun, mlampah irid-iridan ketingal rapi sarta kompak, punapa malih sinambi nembang sesautan kanthi semangat. Punapa ingkang kapirsanan dening tiyang kathah kalawau ndadosaken remen sinten kemawon ingkang mirsani kalebet salah satunggaling nem-neman. Karana ningali para tentara kalawau piyambakipun lajeng matur dateng ramanipun bilih piyambakipun nggadahi pepinginan dados tentara, nalika ramanipun mireng punapa temtu mongkog, lajeng paring idi palilah saha mangestoni.

Kaneman kalawau nyamektakaken diri kanthi olah raga tumemen anggenipun sinau lan gegladi. Sineksen dening tiyang sepuhipun sarta para mitra, semanten anggenipun nggadahi niat dados tentara lan sadaya perangan ingkang dados pirantining ujian dipun samektakaken kanti taliti.

Pambudidayaning kaneman kalawau mboten muspra awit piyambakipun katampi dados tentara, satunggaling pangajeng-ajengi ingkang kasembadan. Pramila kantun kadospundi samangke nem-neman kalawau punapa ngestokaken *Sapta Marga Sumpah Prajurit* sarta patuh marang pangarso? Manawi migatosaken lan ngestokaken dhawuh pimpinan nggih lampah anggenipun dados abdi negari sanyata ing gesan. Dados tentara kalawau kasil ing wusanipun pramila gesangipun tentrem.

Sejatosipun gesang ingkang kebak dening raos tentrem-rahayu punika mboten awrat menawi sadaya panggoda ingkang mawarni-warni lan jumedhulipun mboten temtu saged dipun adepi lan dipun sanggi, Punika aos sanget bilih wonten ing Panjenenganipun sadaya manungsa saged unggul ing panggoda awit winengku ing katresnanipun Gusti. |*SBU

MBOTEN KINIRA-IRA

*“...Amarga kowe wus padha sumurup dhewe kalawan cetha.
Yen dina rawuhe Gusti iku tekane kaya maling ing wayah bengi...”*
(I Tesalonika 5:2)

Mataun-mataun gesang sesarengan nembe satunggal dinten boten pinanggih. Kawula nampi pawarta saking putranipun bilih bapakipun gerah lan karimat ing griya sakit. Boten wetawis dangu bapak kalawau dumugi griya sakit nanging dereng pikantuk dipun tuweni dening sinten kemawon kejawi semah lan para putra. Kawit ing griya sejatosipun sampun boten sadar pramila dening pihak griya sakit dipun lebetaken dhateng ICU, kalih dinten laminipun dereng wonten ewah-ewahan tetep kemawon mboten sadar.

Brayat utaminipun semah lan putra-putra katingal sedih awit semah punapadene bapakipun kados mekaten, rencangipun bapak ingkang gerah kalawau paring panglipur dalah ndherek nenggani ing griya sakit kanti setya. Kawigatosan ingkang kaparingaken rikala kancanipun ing kawontenan ringkih sajak sampun cekap krana rencang ingkang gerah kalawau seda. Inggang wigati inggih punika seda sinanding mitra sarta anggenipun memitran kapedhot tanpa nilar cuwa.

Kalampahaning gesang memitran kados ing nginggil kados-kados mboten badhe tuwuh pepisahan awit kekalihipun rukun lan sami migatosaken punapa langkung lan kirangipun nanging ngrembag babagan timbalanipun Gusti sadaya manungsa ingkang gesang ing alam donya punika temtu sarujuk bilih sadaya panguwaosing gesang lan pejah namung ing Gusti Allah mboten wonten sanesipun mila sumangga pangandikaning Allah bilih “...Yen dina rawuhe Gusti iku tekane kaya maling ing wayah bengi...” sumangga jumaga kanti mranata tumuju ing ewah-ewahaning gesang langkung prayoga. |*SBU

NGAGEM INKGANG BECIK

"...Samubarang kabeh iku titinen, dene kang becik anggonen..."

(I Tesalonika 5:21)

Wonten tiyang ingkang bingung anggenipun miji barang ingkang badhe dipun tumbas amargi kathah pertimbangan. Ananging ugi wonten sawetawis tiyang ingkang boten migatosaken werni-werni kejawi pokoke pas duka pancen boten migatosaken utawi boten purun nggagas, ingkang baken betahipun cekap lan ingkang makaten punika kathah ing antawising pasamuwan.

Prakawis miji barang kemawon manawi boten sae nggih boten purun ngagem, tinimbang getun wingkingipun. Barang ingkang awis utawi larang ing reregan manawi arta cekap mboten dados prekawis sadaya dilabuhi murih kasembadan pepenginanipun. Barang kemawon kapiji kanthi taliti punapa malih bab tumindhak, ing gesang padintenan pasamuwan srawung kaliyan kathah tiyang ingkang werni-werni watak lan sipatipun, Contonipun: rikala badhe miwiti ngrembag bab kerja bakti resik-resik kampung, gagasan punika sae naging kedah nggatosaken kawontenananing saben tiyang. Manawi badhe ajak-ajak kaliyan tangga ing sisih kanan keringipun ungeling atur utawi rembuganipun kedah katata supados mboten katingal ndhawuhi, nanging sesarengan nglampahi. Dados ngandika punika kedah tinata awit menawi perangan ingkang wigati manawi anggenipun ngandika mboten ngatos-atos saged nuwuhaken klentu selingsurup, kapora tuwuh pasulayan.

Langkung sekeca tumindhak sae utawi becik kaliyan sinten kemawon awit punika ngestokaken dhawuh saking Gusti lumantar abdinipun *"...Samubarang kabeh iku titinen, dene kang becik anggonen..."* (1 Tesalonika 5:21). Pasamuwan punika kagunganipun Gusti Allah ingkang tinresnanan pramila sumangga kanthi sakatoging gesang lan nindakaken kabecikan dateng sesami kanthi tulus, inggih ing pitembungan punapa dene ing tumindak saha wonten ing manah kita | *SBU

KAWON

"Manawa kowe nyumurupi kutha Yerusalem kekeping ing wadyabala, mangretia, yen gempure wis cedhak." (Lukas 21: 20)

Kekiyataning satunggalipun bangsa punika boten namung saking anggenipun kagungan prajurit ingkang kathah lan prakosa. Ananging ugi betahaken tiyang-tiyang pinunjul kapinteranipun, kadosta juru rembag ingkang kagungan kawasisan mangun sesambetan kaliyan karajaan-karajaan ing sakiwa tengenipun supados tansah rukun lan tentrem.

Sejatosipun Yerusalem punika kiyat ananging kening punapa kawecakaken dening Gusti Yesus badhe ambruk? Bangsa ingkang piniji Gusti Allah punika panci ing kawontenan kajajah dening bangsa Rum lan kawontenan ingkang kados mekaten malah Sang Kristus ngandika bab gempure kutha Yerusalem bab punika temtu kemawon tansaya damel giris, ananging Gusti Yesus kedah ngandika mekaten supados tiyang-tiyang Yerusalem waspada lan jumaga.

Boten namung ngemu artos sacara umum kemawon bab gempure kutha Yerusalem nanging ugi magayutan kaliyan ingkang mboten katon langkung dening ingkang sinawang dening paningaling manungsa, prekawis ingkang sinebat gesang karohanan, gesang anggenipun mratelakaken kapitadosan dhumateng sang Mesih. Tiyang Yerusalem dereng pitados dhumateng Sang Kristus punika sang Mesih ingkang badhe paring kawilujengan dhumateng jagad inggih sadaya manungsa.

Krana sikep predulining Gusti Yesus marang tiyang ing kutha Yerusalem panjenenganipun paring pangandika lan sejatosipun saged kaangge dening manungsa supados gesangipun wilujeng, ananging kalampahanipun mboten kados ingkang kakersakaken dening Gusti Allah pramila prayogi menawi pasamuwanipun Gusti mboten kawon kaliyan si dosa . | *SBU

TANSAH LANGGENG

“Langit lan bumi bakal padha sirna, nanging tembung-Ku ora bakal sirna babar pisan” (Lukas 21:33)

Minggu adven sepisan kawiwitan ing dinten minggu lan dinten ingkang kaagem dening pasamuwanipun Gusti ngibadah ing greja sesarengan sakbrayat. Tembung *adven* kapendhet saking basa *latin* *adventus* ingkang tegesipun kerawuhan lan adven kaagem dening tiyang-tiyang kristen kangge nyamektakaken diri nambut dinten riyadin natal wiyosipun Gusti Yesus ing jagad. Pahargyan natal saestu kaantu-antu dening sadaya warganing pasamuwan awit ing saksisih ngibadah mirunggan sesarengan ing greja ugi kangge wewengan anggenipun brayat sami nglempak lan bebungah, natal punika ngraketaken katresnan.

Endahing satunggaling brayat ingkang reruntungan tindak ngibadah lan brayat ingkang sesarengan ngriyadinaken dinten natal sampun lumampah wiwit *tradisi* natal punika kawontenaken. Kaelokanipun ngatingalaken paseksi bilih tiyang kristen punika guyub rukun. Anggenipun nglampahi sadaya cara gesang minangka tiyang pitados temtu kemawon pangandelipun utawi pitadosipun marang Gusti kedah kaejawantahaken, mboten kosok wangsulipun malah dipun selaki krana pangandikanipun Gusti punika asifat langgeng kados pangandika ing Injil *Lukas 21:33* ingkang nyerat mekaten: *“...tembungKu ora bakal sirna babar pisan”*, sanadyan sadaya kelampahaning gesang punika owah gingsir kapara sirna.

Jagad punika boten langgeng kalebet manungsa piyambak , sadaya kalawau pancen sampun ginaris dening pangandikaning Allah bilih *“..Allah tumuli akarya manungsa, kang kinarya lebuning bumi,..”* asal utawi kadadosanipun saking lebu punika tegesipun manungsa wonten badhe wetah ing kawontenan raga mboten langgeng. Pramila pasamuwan Gusti mumpung taksih pinaringan wewengan tindak greja swawi dipun ginakaken kagem ngluhuraken Gusti. |*SBU

SANGSAYA WASIS

“Malah padha mundhak-mundhaka ing sih-rahmat sarta pangawruh marang Gusti lan Sang juruwilujeng kita, Gusti Yesus Kristus.”

(II Petrus 3:18a)

Fakultas *theologia* punika papan kangge nyinau babagan *keillahian*. Fakultas punika anggenipun ngrembaka boten kados ilmu-ilmu sanesipun, *universitas-universitas* ingkang dipun sengkuyung dening sinode GKJ kemawon saben wiwitan taun ajaran, cacah murid utawi *mahasiswa*-nipun boten kathah kados bidang sanes. Leres menawi krentegipun saben tiyang punika mboten sami, ananging sejatosipun saged kawiwitan saking brayat anggenipun nuntun ing pangertosan bilih sekolah ing *theologia* punika ngremenaken lan migunani kangge sesami.

Prakawis kemajenganing jaman lan ilmu sangsaya majeng, ananging kadospundi tumrap kemajenganipun gesang sangsaya jangkep anggen pasamuwan linangkung tepang kaliyan karsanipun Allah? Ilmu ingkang nyinau bab agama panci kirang dipunremeni dening lulusan *SMU* utawi *SMK* lan punika mboten perangan ingkang cetho lan katingal. Pamawas kirangipun para muda sinau babagan teologi punika kedah kinanthenan tresna dumateng Gusti saha gadhahi krenteg pingin lelados dateng sesami. Anggenipun *kuliah* ing *theologia* punika tumrapping pasamuwanipun Gusti dadosa motto “kuliahe tetep biasa, ananging gunane *luar biasa*”.

Pasamuwan tetep mbetahaken pamulang kangge memulang lan nuntun pasamuwanipun Gusti ing gesang punika. Satemah umatipun Gusti tansah dipunsagedaken ngraosaken sih-rahmat ingkang luber dalasan kawruh ingkang sansaya inggil. Renungan punika sageda mbereg para kaneman greja nggadahi krenteg sekolah ing *theologia* lan dados peladosipun Gusti sae ing greja punapadene ing lembaga-lembaga. Mbabaraken pangandikanipun Gusti punika lampah prayogi lan sinau *theologia* punika margi, margi ingkang tumuju ing kawasisan adi. Gusti nuntun lan sansaya wasis. |*SBU



NGERAMAKEN SANGET

“Ingsun iki Sang Alfa lan Sang Omega, Kang Murwani lan Kang Mungkasi, kang Wiwitan lan Kang Wekasan” (Wahyu 22:13)

Tiyang anem ingkang nggadhahi pangajeng-ajeng mbangun bale griya utawi sesamahan badhe matur kaliyan tiyang sepuhipun. Temtunipun sakderengipun matur mesthi katata ing saklebeting manah supados sadaya rancangan mboten damel cuwa. Kawiwitan nepangaken calon pasanganipun punika sinten, putranipun sinten, griyanipun pundi, pakaryanipun punapa utawi panyambut damelipun punapa lsp. Sadaya kabuka ing rembagan temtu kemawon lajeng dipun tanggapi dening tiyang sepuhipun srana pitakenan-pitakenan ingkang magayutan kaliyan rancangan putranipun; mboten cekap pitakenan ananging ugi peweling-piweling magepokan kaliyan gesang bebrayan. Rancangan ingkang sampun gumathok prelu katindakaken taliti sinartan pangajeng ajeng bilih mangke asilipun nengsemken utawi binghaken sadayanipun, kanti tembung sanes inggih punika mungkasi kalawan tentrem lan rahayu.

Gusti Allah kagungan rancangan ingkang elok lan ngeramaken kangge jagad punika sepisan temtu kanti miwiti pakaryan adi nitahaken jagad sakwetahipun kalebet manungsa. Punika katindakaken dening Allah krana Panjenenganipun *ngersakaken* mboten wonten satunggal kemawon ingkang dhawuh punapa malih nedahaken. Titahipun Gusti panci katingal prayogi sanadyanta sakperangan titahipun mbalela damel lepat lan dosa. sadaya titahipun karimat saha kagulawentah kanthi jangkep. Katresnaning Allah punika wradin dateng sadaya titah, temtu para titahipun ngraosaken kamulyanipun.

Gusti Allah inggih Gustinipun sadaya tumitah inggih Gusti ingkang paring gesang, pangayoman saha pangapuntening dosa. Sumangga sami methukaken rawhipun Gusti kanthi sedya ingkang tumata saha dipun tanggapi kalayan katresnan ingkang tulus. Satemah kita pinanggih sembada wonten ing ngarsanipun Gusti | *SBU